

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Arus moderénisasi kiwari ngabalukarkeun ayana parobahan dina tata kahirupan masarakat. Parobahan nu aya museur kana krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak. Moral, karakter jeung ahlak miboga harti anu méh sarua. Ieu krisis moral, krisis karakter jeung krisis ahlak téh dipiharep bisa dikurangan ku ayana lembaga pendidikan minangka salah sahiji sarana nu bisa numuwuhkeun jiwa-jiwa nu hadé. Éta hal lantaran dina lembaga pendidikan aya pangajaran anu matalikeun antara moral, karakter, ahlak jeung kahirupan salah sahijina nya éta dina pangajaran sastra. Sakabéh karya sastra kaasup carpon mangrupa hasil kréasi ti hiji pangarang nu patali jeung kahirupan masarakat, anu di jerona nyangkaruk étika, norma, moral jeung karakter masarakat. Ku kituna, karya sastra jadi sarana pikeun ngarobah kondisi masarakat, saperti wasiat Khalifah Umar bin Khattab ka rahayatna “*ajarkanlah anak anakmu sastra karena sastra membuat anak yang pengecut menjadi jujur dan pemberani*” (Noor, 2011, kc. 5)

Aya rupa-rupa ajén kahirupan anu hadé jeung mangpaat anu bisa dicangking tina karya sastra kaasup carpon. Nurutkeun Horace (Horatius) sastra kudu miboga pungsi *dulce et utile* sastra miboga ajén éstétika jeung mangpaat. Cindekna, karya sastra anu ajénna luhung salawasna miboga maksud atawa ma’na. Di sagigireun unsur rékaan jeung éstétis dina karya sastra téh aya pesen moral anu rék ditepikeun ku pangarang.

Carpon asup kana wangun prosa, salah sahiji wangun karya sastra anu jadi pilihan pangarang dina nepikeun gagasan sacara singget jeung weweg. Dina carpon ogé euyeub ku ayana ajén-inajén dina eusi caritana, pikeun larapkeuneun kahirupan manusa sapopoé, éta ajén bisa jadi ajén moral, ajén éstétika, jeung ajén atikan. Disebut ajén moral téh mangrupa salah sahiji hal nu rék ditepikeun ku pangarang ka nu maca. Moral nu aya dina karya sastra biasana dipatalikeun jeung ajaran moral anu sipatna kawilang praktis dina kahirupan sapopoé manusa.

Ajén moral perlu pisan dilarapkeun ti leuleutik, di lingkungan kulawarga, sabab miboga fungsi pikeun cecekelan jeung bekel dasar dina kahirupan manusa sapopoéna. Salian ti kulawarga, di lingkungan anu sipaytina formal ogé perlu dilarapkeun boh di sakola boh lingkungan sabudeureunana. Ku kituna, dina kahirupan sapopoé moal bisa leupas tina moral. Ajén moral mangrupa tinimbangan nu dipaké di masarakat dina ngukur hadé goréngna pasipatan hiji jalma. Nilik kana kaayaan kiwari katitén pisan perluna tungtunan moral pikeun ngalempeng manusa dina kahirupanana.

Ajén moral anu nyangkaruk dina karya sastra kawilang kompléks, sabab aya patalina jeung kahirupan manusa nyaéta eksprési kahirupan manusa anu teu leupas tina akar kahirupan masarakat. Ajén moral nyoko kana hadé goréngna lampah manusa nu ditilik tina segi kahadéan salaku manusa dina ngalarapkeun boh dina kahirupan sosialna boh kulawargana, kitu deui salaku cecekelan kahirupan manusa séjenna (agama, budi pekerti, jeung ahlak). Dumasar kana sababaraha kamandang, patokan ajén moral téh nyaéta ngeunaan kayakinan tina individu boh sacara psikologis boh sosiologis anu ngajadikeun pola jeung sikep pribadi manusa salaku cecekelan kahirupanana.

Dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar kapaluruh ayana ajén moral, boh ajén moral ka pribadina boh ajén moral ka manusa séjenna.

Sababaraha karangan Nunu Nazarudin Azhar nu kungsi medal di antarana kumpulan sajak Sunda, *Ngabungbang* nu medal taun 2012, kumpulan fiksmini *Dayeuh Kasareupnakeun* nu medal taun 2014, kumpulan sajak Sunda *Miang* nu medal taun 2017 jeung kumpulan puisi *Hikayat Pendekar Tua* nu medal taun 2021. Kungsi sababaraha kali jadi punjul ngarang naskah drama Basa Sunda, di antarana meunang *Hadiah Sastra DK Ardiwinata* ti Paguyuban Pasundan pikeun naskah drama *Blor!* taun 1996. Ogé kungsi meunang *Hadiah Sastra LBSS* pikeun puisi nu medal taun 2005, 2007, 2009, 2010, *Anugerah Kawistara* ti Balai Bahasa Jawa Barat taun 2014, jeung *Hadiah Sastra Rancagé* pikeun buku kumpulan sajak Sunda *Miang* taun 2018. Tilu carponna jadi carpon pinilih majalah *Manglé*, dua di antarana nyaéta *Rustam Maok*

Neulis Fitria, 2023

KUMPULAN CARPON LAGU CINTA JEUNG SAJABANA KARYA NUNU NAZARUDIN AZHAR KAJIAN

STRUKTURAL DAN NILAI MORAL

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bulan jeung Pasir Kalari aya dina ieu antologi. Carpon dina ieu buku, lian ti dina *Manglé*, ogé aya nu kungsi dimuat dina *Pikiran Rakyat*, *Tribun Jabar*, *majalah Cupumanik*, *Buruan.co*, *Cacandran.com*.

Anu ditalungtik dina ieu skripsi nyaéta kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar, nu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata. Saupama dipatalikeun jeung sipat karya sastra anu ngandung unsur kajujuran, rupa-rupa sikep jeung sawangan urang lembur nu basajan dina nyanghareupan kajadian-kajadian aktual dina jamanna, kagambar dina buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar .

Geus réa ogé anu nalungtik ngeunaan ajén moral dina wangun skripsi jeung karya tulis ilmiah séjenna. Judul skripsina diantarana “Ajén Moral dina Novél *Si Bohim jeung Tukang Sulap* Karangan Samsoedi pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMP Ulikan Struktural jeung Filsafat Moral” ku Haryanti, taun 2020, “Ulikan Struktur jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Dua Wanoja* Karya Chye Retty Isnendes pikeun Bahan Pangajaran di SMP” ku Cahya Nugraha, taun 2017, “Ulikan Struktural jeung Ajén Moral dina Kumpulan Carpon *Sanggeus Umur Tunggang Gunung* karya Usép Romli H.M pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP” ku Pepy Sri Anjarsari, taun 2015, “Kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* Karya Karna Yudibrata pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII Tilikan Struktur jeung Ajén Moral” ku Jaenudin, taun 2011. Tina sawatara judul di luhur, can aya nu medar kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar ngeunaan ajén moral maké ulikan struktural.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah nu diidéntifikasi dina ieu panalungtikan nyaéta ngainvénitarisir, ngadéskripsikeun, nganalisis struktur Kumpulan Carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah, rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kumaha struktur (tema, fakta carita, sarana sastra) dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar
- 2) Ajén moral naon waé anu kapaluruh dina buku kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun maluruh ajén moral kamanusaan nu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun:

- 1) ngadéskripsikeun struktur carita anu nyoko kana téma carita, fakta carita (galur, karakter, jeung latar) jeung sarana carita (judul jeung puseur implengan) dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar;
- 2) ngadéskripsikeun ajén moral naon waé anu nyampak dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun référénsi anu bisa mekarkeun élmu pangaweruh, boh dina widang sastra boh kabudayaanana. Hasil panalungtikan ieu ogé bisa dijadikeun salah sahiji bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan ka hareupna sarta nambahana kabeungharan ulikan panalungtikan sastra nu maké pamarekan struktural jeung ajén moral.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan struktur jeung ajén moral, sangkan ka hareupna bisa ditalungtik leuwih nyosok jero.
- 2) pikeun masarakat, nambahana pangaweruh ngeunaan kabeungharan ulikan sastra Sunda maké pamarekan struktur jeung ajén moral, sarta beuki ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan déskripsi tina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana* karya Nunu Nazarudin Azhar.
- 3) pikeun mahasiswa/pelajar, jadi bahan pikeun panalungtikan jeung bisa dijadikeun bahan pustaka dina panalungtikan ka hareupna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Dina Bab I didéskripsikeun bubuka nu ngawengku kasang tukang tina masalah nu baris ditalungtik, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat teoritis boh mangpaat praktis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Dina Bab II didéskripsikeun rupaning tatapakan tiori nu ngawengku tiori ngeunaan carpon, struktural, ajén moral.

Dina Bab III didéskripsikeun ngeunaan metodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu ngawengku sumber data panalungtikan, desain panalungtikan,

metode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumén panalungtikan, jeung téhnik ngumpulkeun data.

Dina Bab IV didéksripsiéun ngeunaan hasil analisis struktural, jeung ajén moral tina unggal carpon anu aya dina kumpulan carpon *Lagu Cinta jeung Sajabana*.

Anu pamungkas nya éta Bab V anu eusina ngadéksripsiéun kacindekan tina hasil analisis jeung saran atawa rékomendasi-rékomendasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.